

Referans Pou Dat Konfimasyon Non konfimasyon Pwovizwa (TNC) (Administrasyon Sekirite Sosyal (SSA) ak Depatman Sekirite Nasyonal Ameriken (DHS))

Nimewo Verifikasyon Ka E-Verify:

Non Anplwaye:

Patwon ou te refere ka E-Verify ou a bay SSA ak DHS apre ou te deside pran aksyon pou rezoud yon non-konfimasyon pwovizwa. Dokiman sa a konfime yo te refere ka ou a bay SSA ak DHS.

Kisa ou dwe fè

Vizite yon biwo satelit SSA **nan 8 jou kalandriye travay Gouvènman Federal, nan dat** (MM/JJ/AAAA), pou kòmanse rezoud TNC a. Si ou pa resevwa Avi E-Verify Pou Pran Plis Aksyon nan men patwon ou an, kontakte patwon ou touswit pou jwenn avi sa a.

Avi E-Verify Pou Pran Plis Aksyon an gen ladan enfòmasyon sou ka E-Verify ou a ak ki dokiman ou bezwen lè ou ale nan SSA epi kontakte DHS. Se pou ou mache ak Avi E-Verify Pou Pran Plis Aksyon an lè ou ale nan yon biwo SSA epi kontakte DHS.

Si ou pa pran yon aksyon **nan 8 jou kalandriye travay Gouvènman Federal, nan dat** 03/15/2018 (MM/JJ/AAAA), y ap voye yon non konfimasyon final epi patwon ou ka revoke ou. Patwon yo dwe pèmèt ou pran aksyon pou rezoud yon TNC epi yo pa dwe fè okenn reprezay kont ou poutèt TNC a pandan w ap konteste DHS TNC a epi dosye E-Verify ou a ap tann desizyon.

Pou Plis Enfòmasyon

Si ou gen kesyon sou sa pou w fè, kontakte E-Verify nan 888-897-7781 (TTY: 877-875-6028) oswa Imel E-Verify@dhs.gov. Si w bezwen èd nan yon lòt lang ki pa lang Angle, ou kapab mande reprezantan kliyan E-Verify la pou yon entèprèt. Pou plis enfòmasyon sou E-Verify, tankou pratik sou vi prive ak règleman pwogram nou yo, ale sou site entènèt E-Verify nan www.e-verify.gov.